


KÒMAN W KAPAB RENOUVLE ASIRANS SANTE OU ATRAVÈ ADMINISTRASYON RESOUS IMÈN VIL NEW YORK LA

AK SOFIA

01



Sofia te resevwa dosye renouvèlman li an pa lapòs kote yo te konseye li pou l ranpli renouvèlman an epi voye l ale ak tout dokiman yo te mande yo (dokiman orijinal pa ladan l) nan [dat ki endike](#) sou fòmilè renouvèlman an.



Sofia ranpli fòmilè renouvèlman li an, li bay tout enfòmasyon yo mande yo pou l detèmine elijiblite l nan pwogram ekonomi Medicaid oswa Medicare la.

Fòmilè a te mete aksan sou ki moun nan Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) an pou l kontakte ak ki fason pou li kontakte l si li te gen nenpòt kesyon.

02



03



Aprè li fin ranpli fòmilè renouvèlman an epi siyen l, Sofia te retounen fòmilè renouvèlman an ak dokimantasyon anvan [dat ki endike](#) sou fòmilè li a. Li voye l ale nan kourye USPS, men li kapab tou depoze l an pèsòn bay HRA oswa sou Entènèt atravè Access HRA: <https://a069-access.nyc.gov/accesshra>



Menm kote HRA a fin detèmine elijiblite nan pwogram ekonomi Medicaid oswa Medicare la, Sofia te resevwa yon notifikasyon pa lapòs ak yon desizyon sou renouvèlman li an. Sofia te resevwa desizyon l lan epi li te renouvle l avèk siksè.

04



05



Si Sofia pa dakò ak desizyon HRA pran an li gen 60 jou, kòmanse nan dat desizyon an te pran an, pou li mande yon odyans san patipri pandan l ap rele sou nimewo telefòn ki sou avi a.

